

MEMORANDÒM

POU: Komite Skolè a

SOT NAN MEN: Direktè an Chèf Depatman Opòtinite pou Lajenès ("Youth Opportunity") Brian Marques

KOPI POU: Sipèentandan Brenda Cassellius
Chèf Kabinè Mary Dillman
Konseye Prensipal Megan Costello

DAT: 12 janvyè, 2022

OSIJÈ: Apèsi ak Prezantasyon Enpak sou Sèvis pou Moun ki san Lojman

Apati ane skolè 2016-2017 la, Rezo Resous Edikasyon pou Moun San Lojman an (Homeless Education Resource Network, HERN), nan Depatman Opòtinite pou Lajenès Lekòl Piblik Boston an, te mete sou pye yon modèl pou lekòl yo pou bay elèv ak fanmi ki san lojman yo meyè sipò. Atravè modèl sa a, Lekòl Piblik Boston arive amelyore aksè nan sèvis yo, elaji yo, e retire divès obstak anfas elèv sila yo ki san lojman estab. Prezantasyon sa a ap souliye vizyon stratejik la pou sèvis pou moun ki san lojman nan Lekòl Piblik Boston, ansanm ak divès inisyativ kle, rezilta, ak enpak pou elèv ak fanmi k ap viv nan lojman enstab.